

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- FortifyFL
- Prezans Lekòl
- Byennèt Mantal

Out 2019

Bilten 12 | Nimewo #54 |

YON DISTRI LEKÒL KI FÈ NÒT

#AcceleratingExcellence2020

BONJAN ENFÒMASYON AJOU POU PARAN

APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS LA

ENFÒMASYON KONTAK
PARAN KI KÒRÈK E AJOU



M-DCPS gen kapasite pou l kominike yon fason rapid e efikas avèk paran atravè mesaj otomatik – vwa, mesaj elektwonik, notikasyon nenpòt lè (atravè aplikasyon mobil Dadeschools la) ak tèks.

Li enpòtan pou enfòmasyon sou kontak paran yo kòrèk e ajou pou yo ka resevwa mesaj

notifikasyon ak mesaj IJAN nan men Distri a ak lekòl pitit nou. Asire w ou ENSKRI pou mesaj otomatik ki ap soti nan lekòl pitit ou ak Distri a. Lè ou PA ENSKRI, ou dekonekte ak Distri a, nouwl ak enfòmasyon ki ap soti nan lekòl la. Ou ka mete enfòmasyon sou kontak ou ajou an pèsòn nan lekòl pitit ou.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

2 septanm

Fèt Travay

30 septanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

9 oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

25 oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

4 septanm

11:00 dimaten

Reyinyon Regilye

6:00 diswa

Dezyèm Odyans Piblik sou Bidjè

2 oktòb

11:00 dimaten

Reyinyon Regilye

BON RETOU!

Open House



M-DCPS pral fè Jounen Vizit, kòmanse lendi 9 septanm jiska jedi 26 septanm. Silvouplè kontakte lekòl pitit ou pou konfime dat Jounen Vizit ou a. Ale nan Jounen Vizit yo pou w ka rankontre pwofesè pitit ou, resevwa enfòmasyon konsènan klas ak pwogram akademik pitit ou, ak règleman e atant sou devwa. Sonje, prezans chak jou jwe yon wòl enpòtan sou akonplisman akademik e sipò w se kle pou siksè pitit ou.



AKSELERE EKSELANS: M-DCPS DEFWALE PWOGRAM SOLID POU 2019-2020

Elèv ak paran “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami Dade County) pral kòmanse nouvo ane lekòl la avèk 130 nouvo pwogram ak inisyativ solid ki fèt pou kontinye inovasyon, rijidite akademik, ogmantasyon nan angajman paran, ak ogmantasyon nan efikasite fonksyonman, ki se rezon M-DCPS vin gen

rekonesans nasyonal. Kòm nan ane pase yo, konsantrasyon an te sou pouse limit ki gen rapò ak inisyativ anviwònman ak dirabilite. Bonkou inisyativ sa yo adrese priyorite espesifik manm Komisyon Konsèy Lekòl yo, e nou ap antreprann pifò nan priyorite sa yo nan sèvi ak fon siplemantè e/oubyen resous ki te deja egziste oubyen nou pwofite avantaj patenarya kominotè yo ofri.

Aprann plis nan <http://news.dadeschools.net/cmnc/new/29158>

FORTIFYFL

SI OU WÈ YON BAGAY, DI YON BAGAY AVÈK FORTIFYFL

‘FortifyFL’ se yon zouti pou rapòte aktivite sispèk ki pèmèt ou voye enfòmasyon imedyatman bay ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye a ak ofisyèl lekòl yo. Elèv ka bay yon deskripsyon sou menas la, voye foto ak videyo e yo ka bay enfòmasyon sou kontak yo si yo vle. FortifyFL

otomatikman dirije rapò ou fè a bay ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye a ak ofisyèl lekòl yo. FortifyFL disponib sou aplikasyon mobil Dadeschools la e ou ka telechaje l tou sou ‘Apple App Store’ ak ‘Google Play Store.’ Ou ka jwenn li tou sou paj prensipal Dadeschools.net la, ansanm ak paj pòtal elèv, paran, ak anplwaye yo. Gen yon lyen pou FortifyFL ki disponib tou sou paj sit enfòmasyon chak lekòl.



SEPTANM

MWA KONSANTIZASYON SOU PREZANS

ENPÒTANS PREZANS NAN LEKÒL

Pandan w ap prepare ou pou yon ane lekòl ki reyisi, annou konsantre n sou prezans elèv nan lekòl. Septanm se Mwa Konsyantizasyon sou Prezans nan Lekòl e nou ta renmen souliyen kèk enfòmasyon ak ti konsèy pou amelyore prezans. Pou kòmanse, men kèk verite sou prezans:

- Plis pase mwatye elèv ki rate 2-4 jou lekòl, soti nan kòmansman lekòl la pou rive an septanm, ap rate prèske yon mwa lekòl pou ane lekòl la.
- Rate sèlman de (2) jou lekòl pa mwa ka gen enpak negatif sou pèfòmans akademik yon elèv.
- Yon prezans ki pa adekwat ka gen enfliyans sou si wi ou non timoun yo ap metrize lekti lè yo rive nan 3èm ane eskolè; e lè yo rive nan 6èm ane eskolè, yon prezans ki pa adekwat vin tounen pi gwo endikatè ki montre yon elèv ap kite lekòl lè l rive nan klas segondè.

- Absans ki eskize ak sa ki pa eskize gen menm enpak negatif sou pwogrè akademik ak pèfòmans elèv
- Lè yon elèv amelyore prezans li, chans pou li gradye ogmante.

Finalman, ti konsèy senp sa yo ka garanti amelyorasyon nan prezans elèv:

- Travay avèk pitit ou pou etabli yon orè debaz pou timoun yo al dòmi. Kèlkeswa laj oubyen klas yon timoun, lè w kreye yon woutin e ou kenbe li sa ap ede pitit ou devlope abitud ki pwomote bonjan prezans. Pa egzanp, prepare tout bagay nan nuit avan an. Sa gen ladan inifòm lekòl ak valiz lekòl ki tou ranpli. Pa bliye gade dokiman ki mande pou paran siyen yo nan nuit avan an.
- Pa pèmèt pitit ou rete lakay amwenske li vrèman malad. Timoun ka pretann yo malad. Sa kapab yon siy estrès oubyen yon tantativ pou jwenn atansyon, mande gid/asistans pou adrese lòt pwoblèm ki kapab kache.
- Devlope yon "PLAN B" konsènan

moun ki pral ede oumenm ak fanmi w mennen pitit ou lekòl oubyen al chèche yo. Pa egzanp: ou malad, ou dwe al travay bonè oubyen ou dwe rete travay ta.

- Mande Kalandriye Lekòl Leta Miami-Dade County pou ane lekòl 2019-2020 an. Evite pwograme vizit medikal/kay dantis, vakans familial, oubyen aktivite ki pa gen rapò ak lekòl pandan ane lekòl la.
- Si fanmi ou ap travèse move moman akòz pwoblèm machin, pèt travay, ka maladi/lanmò nan fanmi an, ak sityasyon ki regretab e ki ka afekte fason fanmi ou fonksyone chak jou, silvoulè kontakte direktè lekòl pitit ou a pou mande lèd. Lekòl la ka konekte ou avèk divès kalite resous.

Sous: <http://www.attendanceworks.org/facts-stats-school-attendancegov/>

Si w santi w
tris, izole, anksye...

GEN ÈD TOUPATOU KOTE OU YE!



NAN M-DCPS... BYENNÈT SANTE MANTAL ENPÒTAN!

Depatman Sèvis Sante Mantal la kòmanse dezyèm ane li nan asire l paran, elèv ak kominote a byen okouran sèvis ki disponib yo – nan Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS)... Sante Mantal Enpòtan!

Nou ap anplwaye dis kowòdonatè sante mantal, ki pote total la a 40, pou ofri plis opòtinite pou idantifye elèv ki kapab bezwen depistaj oubyen evalyasyon sante mantal. Anplis, n ap kontinye kowòdone

sèvis ki baze nan lekòl ak kominote a pou elèv ak fanmi yo pou amelyore byennèt sosyo-emosyonèl elèv yo e maksimize siksès pèsonèl yo.

M-DCPS kontinye patenarya li avèk 'The Children's Trust' e gen 12 ajans sante mantal nou fèk siyen kontra avèk yo ki pral ofri e elaji platfòm sèvis yo pou satisfè bezwen tout elèv. Sèvis sa yo gen depistaj/evalyasyon endividyèl, konsèy, abi dwòg, kolaborasyon paran/pwofesè ak jesyon ka.

Elèv ki ap enskri pou premye fwa dwe devwalè sèvis sante mantal yo te pran avan bay otorite lekòl yo pou asire lekòl la ka kontinye ofri sipò ak

sèvis ki nesèsè.

Tout lekòl ap kontinye enplike ekip Evalyasyon Menas ak Sante Mantal yo, yon fason pou diskite e evalye elèv sa yo ki kapab bezwen sèvis sante mantal e pou gide yo bay resous lekòl ak kominotè ki apwopriye yo. An kolaborasyon avèk Biwo Transfòmasyon Akademik la, nouvo Edikasyon 5-èdtan Mantal e Emosyonèl Depatman Edikasyon Florid egzije pou elèv 6-12èm ane eskolè yo ap kontinye ane sa a.

Si w gen enkyetid konsènan pitit ou, e si ou wè siy lakay yon elèv ki montre l ap travèse sitiyasyon difisil, notifiye yon Administratè Lekòl, Konseye, Travayè Sosyal, Kowòdonatè Sante Mantal oubyen yon moun nan Ekip Sante Mantal la pou pataje enkyetid ou. Paran yo ka rele nan liy asistans depatman an tou nan (305) 995-7100 e ale sou sit Entènèt depatman an nan <http://mentalhealthservices.dadeschools.net>.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy

Se yon Pwodiksyon Biwo
Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon